



**PWOSÈ VÈBAL OFISYÈL REYINYON VITYÈL
ODYANS AK REYINYON KOMITE LEKÒL BOSTON NAN POU ANE FISKAL 2024
LA**

15 Mas 2023

Komite Lekòl Boston nan te òganize yon odyans vityèl sou bidjè Ane Fiskal 2024 la ak yon reyinyon Komite Lekòl nan dat 15 Mas 2023 a 5 p.m sou Zoom. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, ale sou www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, imèl feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo Komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis prezidan Michael O'Neill; Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Rafaela Polanco Garcia; Quoc Tran; ak Reprezantan Elèv yo, Diego Mehta.

Manm Komite a ki te absan: Lorena Lopera.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

Ajanda

Respons ak Kesyon Komite Lekòl yo re: Pwopozisyon Bidjetè Ane Fiskal 2024| Espanyòl/español|

Rapò Reyinyon: 15 Fevriye 2023; 16 Fevriye 2023; 1ye Mas 2023

Sibvansyon pou Apwobasyon ki Totalize 710 670\$

Nòt sou Revizyon Pwopozisyon Bidjetè Sirentandan pou Ane Fiskal 2024 la

Prezantasyon Revizyon Pwopozisyon Bidjetè Sirentandan pou Ane Fiskal 2024 la

Deklarasyon Enpak Ekite nan Revizyon Pwopozisyon Bidjetè Sirentandan pou Ane Fiskal 2024 la

Lòt Dokiman sou Bidjè Ane Fiskal 2024 la (ki gen ladan l tradiksyon)

Nòt sou Kontra Founisè Bis Jón

15 Mas 2023

Deklarasyon Enpak Ekite nan Kontra Founisè Transpò a

Prezantasyon Kontra Founisè Bis Jón Transpò a

Nòt sou Deklarasyon Enterè pou Pwogram Debaz Otorite Konstriksyon Lekòl Massachusetts
2023 (Lekòl Shaw ak Taylor)

2023 Deklarasyon Enterè MSBA sou Deklarasyon Enpak Ekite

2023 Prezantasyon sou Deklarasyon Enterè MSBA

RAPÈL A LÒD

Prezidan Jeri Robinson te louvri odyans lan epi li te fè moun yo fè sèman fidelite. Madam Sullivan te fè apèl. Madam Lopera te absan. Mesye O'Neill te antre nan odyans bidjetè a imedyatman aprè apèl nominal la. Mesye Mehta te absan pou odyans bidjetè a men te antre nan seyans lan nan kòmansman reyinyon an a 6 p.m. Tout lòt manm yo te prezan.

Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a ap difize andirèk sou Zoom. Epi li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Epi, y ap pibliye l sou [bostonpublicschools.org/schoolcommittee](https://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee) ak sou Youtube. Li te anonse ke gen sèvis entèpretasyon similtane ki te disponib nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vèdyen, Vyetnamyen, Kantonè, Mandaren, ak Lang Siy Ameriken (American Sign Language, ASL) epi te founi konsiy sou kòman pou gen aksè ak entèpretasyon similtane nan chanje chanèl Zoom nan. Yo te pibliye dokiman reyinyon ki tradui yo nan www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee avan kòmansman reyinyon an.

MIZAJOU SIRETANDAN SOU REKÒMANDASYON BIDJETÈ ANE FISKAL 2024 LA

Direktè Finansye a, Nate Kuder te prezante yon nòt ki genyen repons ak kesyon manm Komite Lekòl yo te poze pandan odyans bidjetè Ane Fiskal 2024 lan. Repons yo te kouvri yon varyete sijè, ki gen ladan yo finansman pou aprenan miltileng yo, Tit 1, edikasyon espesyal, ak divès nouvo pòs, menm jan pou pwogramasyon ak divès estrateji.

KÒMANTÈ PIBLIK SOU REKÒMANDASYON BIDJETÈ ANE FISKAL 2024 LA

Destiny Williams, rezidan Roxbury, elèv BPS ak manm Sociedad Latina, te temwanyen konsènan sekirite lekòl.

Mary Tamer, rezidan West Roxbury ak Direktris Egzekitif Massachusetts Demokrat pou Refòm Edikasyon, te temwanyen konsènan kapasite eksèsif ak redimansyonman distri a.

John Mudd, rezidan Cambridge ak manm Gwoup Entèkansyon Aprenan Lang Anglè (ELL), te temwanyen konsènan pwopozisyon bidjetè pou aprenan edikasyon miltileng yo ak aprenan andikape miltileng yo.

15 Mas 2023

Robert Jenkins, rezidan nan Mattapan ak avoka kominote a, te temwanye konsènan pwopozisyon bidjè Ane Fiskal 2024 la ak espòtif yo.

Ruby Reyes, rezidan Dorchester ak Direktè Egzekitif Alyans nan Edikasyon nan Edikasyon (Boston Education Alliance, BEJA), te temwanye konsènan bidjè nan lekòl la.

Suleika Soto, rezidan South End ak manm BEJA, te temwanye konsènan angajman fanmi ak mizannèy Lwa LOOK.

Maria Serpa, rezidan Arlington ak manm Gwoup Entèvansyon ELL te temwanye konsènan pwopozisyon bidjè Ane Fiskal 2024 la pou edikasyon miltileng ak miltikiltirèl.

Ayele Shakur, rezidan Mattapan, Prezidan Fondasyon Redstone Family ak Ko-Prezidan Gwoup Entèvansyon nan Eka Opòtinite ak Reyisit, te temwanye konsènan ogmantasyon divèsite pwofesè yo.

AJOUNMAN ODISYON SOU BIDJÈ EGZÈSIS FISKAL 2024 LA

Apwouve - Nan anviwon 5:45 p.m., Komote a te vote nan inanimite, atravè yon apèl nominal, pou repòte odisyon bidjè a epi konvoke imedyatman reyinyon Komite Lekòl ki pwograme regilyèman.

APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON AN

Apwouve – Pa apèl la, Komite a ansanm te apwouve pwosè vèbal reyinyon Komite Lekòl 15 Fevriye 2023 a, odyans bidjetè Ane Fiskal 2024 nan 15 Fevriye 2023, ak odyans bidjetè Ane Fiskal 2024 la 1ye Mas 2023 a.

RAPÒ SIPÈRENTANDAN AN

Lè yo te fin prè nèt pou yo kòmanse.

Mèsi, Madam Prezidan. Bonswa tout moun. Mwen vle kòmanse swete tout moun yon Bon Mwa Istwa Fanm. Pandan tout mwa, nou pral selebre enpak ak kontribisyon fanm yo lokalman ak pandan tout mond lan. Nou pral òganize divès evènman pandan tout mwa epi anplifye lidè yo ak vizyonè yo pandan tout Seri Equity Warrior (Gerye Ekite) nou an.

Ayè, mwen te anonse ekip lidèchip la ak òganigram distri nou an. Lè mwen te apèn atenn senk mwa mwen yo, te si tèlman genyen familiarite avèk BPS, te gentan gen divès chanjman ki te make m pandan sèt dènye ane yo. Mwen te vle asire pou m tande dirijan nou yo ak pèsònèl

15 Mas 2023

santral ak eskolè nou yo, fanmi nou yo, kominote yo, ak elèv yo pou asire ke estrikti n ap itilize a abòde ak sipòte pwoblèm ak espwa mwen te tande yo.

Te genyen plizyè bagay mwen te vle asire nou abòde nan òganigram kote nou te gen difikilte avèk yo nan pase.

- Pwen defayans inik- espesyalman nan nivo priz desizyon ki pi wo nan òganizasyon an
- Distribisyon lidèchip pou efikasite ak ranfòsman kapasite nan domèn travay kle yo.
- Fè sipò rezo rejyonal yo ak lekòl yo priyorite paske sa garanti ke tan nou ak resous nou yo konsakre pi dirèkteman pou soutni elèv nou yo ak pèsònèl k ap fè travay la avèk elèv nou yo.
- Kantite travay dirab avèk divès liy kominikasyon ak responsabilite klè nan domèn travay kle yo.

Estrikti nou te mete an plas la vize egalman relve yon bon kantite defi santral ak sistemik ki te idantifye nan rapò Konsèy Great City Schools ak DESE nan asire nou genyen ase resous epi yo byen òganize.

Ekip lidèchip nou an reprezante elèv nou ap sèvi a avèk 63% ki idantifye antan ke moun koulè epi nan sa, 54% Nwa oubyen Latino. Nou konpoze ak plizyè moun ki eksperimante ak devwe, kote plizyè te monte echelon yo oubyen te retounen apèn nan BPS. Nou te angaje pou ede distri nou an atenn plen potansyèl li. Kèk nan dirijan nou yo se oubyen te paran BPS, se ansyen elèv BPS, epi plis enpòtan ankò, pataje yon pwofon fyète ak yon angajman pou sèvi kominote BPS nou an.

Mwen t ap renmen tou remèsye Majistra Michelle Wu pou vizyon li ak lidèchip li. Angajman li nan ak envestisman li nan Distri nou an se te yon enstriman pou ede nou pran divès mezi konkrè pou atenn objektif nou yo.

Ekite se yon liy direktris travay nou an ak nan kè misyon nou an. Divèsite ekip lidèchip distri a gen ladan l plizyè idantite, kilti, ak reprezantan lang pale demografi distri a, ki gen ladan yo Espanyòl, Mandaren, Kreyòl Kap Vèdyen, ak Pòtigè.

Estrikti òganizasyonèl mwen te anonse ayè a aliye sou priyorite prensipal mwen te defini pou distri a lotòn pase a:

- priyorize ak akselere pèfòmans akademik lan epi bay aksè ekitab ak yon edikasyon kalite, an patikilye pou sila yo ki defavorize istorikman yo, ki gen ladan yo elèv Nwa ak Latino/a/x yo, elèv ki andikape yo, ak elèv miltileng yo;
- ranfòse aksè ak aprantisaj sosyo emosyonèl; divès operasyon rasyonalizasyon pòs pandemi
- ki enkwayableman enpòtan ak pou asire sekirite elèv yo; Sa siyifi tou itilize teknoloji ak done epi kreye sistèm antrepriz ki kapab pran an chaj kantite elèv yo ak pèsònèl nou te
- devlope divès pratik otantik ak ekitab angajman familyal ak kominote;

15 Mas 2023

- amelyore kominikasyon entèn ak ekstèn avèk fanmi yo ak pèsonèl yo;
- epi ogmante responsabilite pou alafwa Biwo Santral la ak lekòl nou yo.

Genyen twa gran aks travay kote yon Adjwen ap dirije yo chak:

- Sirentandan Adjwen Senyò Akademik yo, dirije pa Doktè Linda Chen
- Sirentandan Adjwen Ekite, Fanmi, ak Avansman Kominote a, dirije pa Doktè Ana Tavares
- Sirentandan Adjwen Operasyon yo, dirije pa Doktè Samuel DePina

Adisyonèlman, Rochelle Nwosu pral sipòte òganizasyon an nan amelyore wol Chèf Pèsonèl la nan kòman li te itilize nan pase a. Rochelle pral asire pou nou byen itilize estrikti òganizasyonèl nou yo epi elimine baryè pou adjwen ak chèf yo yon jan pou travay esansyèl nou yo avanse.

Nan dènye reyinyon an, nou te tandè nan bouch chak adjwen yo konsènan etandi travay yo men mwen vle plonje enpi pi fon nan òganigram lan kidonk mwen pral mande yo chak e ak Rochelle pou mete an evidansyon jan brèf ekip pa yo.

[Sirentandan Adjwen Akademik, Doktè Linda Chen, Sirentandan Adjwen Ekite, Avansman Fanmi ak Kominote a, Doktè Ana Tavares, Sirentandan Adjwen Operasyon yo, Doktè Samuel Depina, ak Chèf Pèsonèl Rochelle Nwosu te prezante apèsi sou travay pa yo.]

Mèsi, Rochelle ak ekip la. Mwen kwè nan pataje ak distribisyon lidèchip. Yon moun pa kapab fè tout pou kont li, donk mwen konte anpil sou ekip sa ak chèf divizyon yo pou dirije travay la. Li esansyèl pou nou travay antan ke yon ekip men pa endividyèl pou nou ka aprann travay ansanm, soutni youn lòt ak zòn travay nou yo, ede idantifye ak elimine divès obstak ki relye travay nou an, epi, sa ki pi enpòtan, kontinye konstwi BPS antan ke yon distri pou tout lekòl pèfòman nan elimine alafwa eka opòtinite ak eka reyisit yo.

Souvan lè genyen yon chanjman nan lidèchip - ensten a se pou demantle ak rekonstwi ak renome. Mwen vle klè, nou p ap fè sa. Nou ap apiye sou bagay ki fonksyone epi nou rekonèt yo avèk fyète. Nou ap itilize tou tout done ekstèn ak entèn yo ak rapò pou idantifye difikilte nou genyen yo epi anbrase rekòmandasyon yo antan ke opòtinite pou ranfòse sistèm ki bezwen ranfòse yo epi konstwi sistèm yo ak estrikti ki manke yo. Antan ke yon ekip, nou santi yon pwofon responsabilite ak yon misyon pataje pou rann BPS estab, yon distri wotman fonksyone elèv nou yo, fanmi yo, ak pèsonèl yo bezwen ak merite. Mwen fyè de ekip nou te reyini an epi nou pral kontinye rekrute ak akeyi nan BPS moun ki pataje misyon nou an.

Mwen ta renmen kounye a pase nan kèk pwen ki briye. Nou te gen yon pwogram lajounen ki chaje, donk mwen pral rete brèf ak souliye ankò plis pwen pozitif semèn pwochèn. Pou bay kou danvwa pwen pozitif mwen yo, mwen vle felisite Antonelli Mejia, Direktè Sarah Greenwood School, ki t yon konferansye envite nan South by Southwest nan Austin, ki t ap pale konsènan ekite nan edikasyon.

Mwen vle felisite chanpyon nan echèl vil nou yo nan distri a ki gen ladan l:

- Co-ed Swimming- Latin Academy
- Boys Indoor Track & Field- O'Bryant

15 Mas 2023

- Girls Indoor Track & Field- Latin Academy
- Boys Basketball- Jeremiah E. Burke High School
- Girls Basketball- TechBoston Academy Bears, yo te rekonèt nan City Hall by City Councilor Brian Worrell pou genyen premye tit City League yo a.
- Delmace Mayo te fè istwa jodi a pandan yo tounen PREMYE atlet sou machin a woulèt pou fè konpetisyon nan Jwèt Enteryè Nasyonal yo. Li te amelyore tou rekò pèsònèl de segonn li an sou mil--li te konplete nan 4:30s.

Nou te gen yon opòtinite enkwayab pou souliye travay la avèk Olenpik Espesyal Massachusetts epi te selebre angajman BPS pou ofri yon edikasyon enklizif ak ekitab ak divès pwogram bay elèv distri yo. Nou te kapab gade elèv Brighton High School yo k ap jwe yon jwèt enklizif epi yo se te elektrizan.

Lekòl nou yo te akeyi kèk envite mak enkwayab kòmanse nan Gouvènè Maura Healey ak Lt. Gouvènè Kim Driscoll ki te vin pale avèk elèv yo nan Hurley an onè ak Jounen Entènasyonal Fanm yo.

Nou te genyen tou aktè ki te resevwa prim, Jared Howelton ki jwe Lafayette ak Thomas Jefferson nan Broadway nan pwodiksyon Hamilton Boston ki te kanpe nan Akademi Atizay Boston (Boston Arts Academy, BAA). Li te jwe tou nan Shrek the Musical. Elèv BAA yo pral ak pwodwi pwòp vèsyon pa yo pandan wikenn lan. Mèsi ak Vis Prezidan O'Neill poutèt yo fè sa rive.

Anfen, felisitasyon ak Madam Benadette Manning ki soti nan Boston Day and Evening Academy (Akademi Lajounen ak Lannwit Boston) ke komite seleksyon Massachusetts te chwazi pou Prim Prezidans pou Ekselans nan Ansèyman Matematik ak Syans ([PAEMST](#)) antan ke yon finalis nan nivo Massachusetts nan kategori rekonpans Matematik. Mwen te kontan travay avèk li paske li te pwofesè matematik nan Akademi TechBoston. Li sètifye nan nivo nasyonal epi anseye depi plis pase 25 an. Kategori matematik yo gen ladan yo matematik, teknoloji, ak syans enfòmasyon epi kategori syans lan gen ladan l syans ak enjenyeri. Yo pral onore finalis nivo Massachusetts yo nan seremoni eta yo nan lannwit 9 Me.

Mèsi pou tan ou.

Madam Polanco Garcia te felisite ekip lidèchip Sirentandan. Li te ankouraje distri a pou travay sere an patenarya avèk elèv yo ak fanmi yo ak pou tande kominote a.

Mesye Cardet-Hernandez te mande Sirentandan pou souliye chanjman enpòtan yo ki te pote nan òganigram lan epi esplike teyori chanjman li a. Sirentandan te pale sou kwayans li nan lidèchip distribitif nan kreye estrikti a twa chèf adjwen, nan elve OMME ak sèvis espesyalize yo nan nivo chef, nan kreye yon liy ekite ak nan reyimajine wol chèf kabinè a. Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou kou adisyonèl nouvo estrikti lidèchip la. Sirentandan te di ekip li a t ap fè swivi avèk enfòmasyon yo.

15 Mas 2023

Doktè Alkins te mande kòman Sirentandan pral mezire siksè nouvo estrikti lidèchip la. Sirentandan te pale sou enpòtans konstriksyon, konfyans, responsabilite, kominikasyon, kolaborasyon kwaze ak inifikasyon ekip la otou misyon an. Doktè Alkins te rekòmande plis katografi rezo nan òganigram pou pwomouvwa transparans lan.

Mesye O'Neill te aplodi apwòch rezo rejyonal la. Nan demann Mesye O'Neill lan, Sirentandan te esplike kwayans li nan distribisyon modèl lidèchip la, ke selon li menm, pèmèt yon pi bon salitasyon, evalyasyon, ak responsabilite kolektif, nan itilize divès mezi ak nan elimine silo yo.

Mesye Cardet-Hernandez te poze Sirentandan kesyon konsènan vizyon li pou edikasyon ti anfans. Sirentandan te pale sou modèl livrezon miks distri a avèk Vil Boston, kòmanse nan nesans.

Madam Robinson te poze kesyon sou kalandriye ki prevwa pou rekritman pòs majè yo. Sirentandan te di ke BPS byen pozisyone pou rekrute ak anplwaye kandida ki wotman kalifye depi kounye a rive mwa Avril.

Apwouve – Nan apèl la, Komite a te apwouve nan inanimite Rapò Sipèrentandan an.

KÒMANTÈ PIBLIK LA AN JENERAL

Moun ki vini an apre yo te temwanye konsènan aksè ak edikasyon nan lang natif yo:

- Zoe Garcia, rezidan ak elèv Roslindale
- Maria Mejia, rezidan Roxbury, paran Blackstone Elementary School ak manm pwogram St. Stephen's Youth
- Susan Gonzalez, rezidan Roxbury ak paran Orchard Gardens K-8 School
- Sugey Rondon, rezidan Roslindale, paran nan BPS ak manm pwogram St. Stephen's Youth
- Alba Gonzalez, rezidan Back Bay ak paran nan BPS
- Paula Ortiz, rezidan Dorchester ak paran Fenway High School
- Amada Ravelo, rezidan South Boston ak paran Hurley K-8 School

John Mudd, rezidan Cambridge ak manm Boston Network pou Reyisit Elèv Nwa, te temwanye konsènan ogmantasyon divèsite pwofesè a.

Michael Heichman, rezidan Dorchester ak manm Alyans Jistis nan Edikasyon Boston (Boston Education Justice Alliance), te temwanye sou yon varyete pwoblèm edikatif.

Jessica Gonzalez, rezidan Roxbury, paran Blackstone Elementary School ak manm pwogram St. Stephen's Youth, te temwanye konsènan entimidasyon ak pwoblèm sekirite yo

Moun ki vini an apre yo te temwanye konsènan enklizyon, sekirite ak lidèchip nan Henderson K-12 Inclusion School:

15 Mas 2023

- Bethany Moffi, rezidan Dorchester ak paran nan Henderson K-12 School
- Deirdre Manning, rezidan Dorchester ak paran nan Henderson K-12 School
- Michelle Carmell, rezidan Dorchester ak paran nan Henderson K-12 School
- Michelle Pang, rezidan Dorchester ak paran nan Henderson K-12 School
- Courtney Feeley Karp, rezidan Roslindale ak paran nan Henderson K-12 School

Moun sa yo te temwanyè konsènan fizyon ki pwopoze ant lekòl elemantè Sumner ak Philbrick:

- Rosy Hosking, rezidan Roslindale resident e paran nan Sumner School
- Elizabeth Ferrenz, rezidan Roslindale ak paran nan Summer School
- Jessica Manna, rezidan Roslindale ak paran nan Summer School

KD Emery, rezidan West Roxbury, paran nan Boston Latin Academy ak manm konsèy administratif Konsèy Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal Boston, te temwanyè konsènan ekite pou elèv andikape ki soutni pa Plan 504 yo.

ELEMAN AKSYON

Doktè Alkins te reyitè demann avan yo konsènan rezilta sibvansyon yo oubyen dat kote rezilta sibvansyon yo ta dwe konnen.

Apwouve - Nan Apèl nominal la, Komite a te apwouve sibvansyon yo pou apwobasyon ki bay an total 710 670\$. Doktè Alkins ak Mesye Cardet-Hernandez te fè abstansyon. Tout lòt manm yo te vote wi.

RAPÒ

Rekòmandasyon Bidjè Ane Fiskal 2024 Final Sirentandan - Direktè Finansye a Nate Kurder te prezante rekòmandasyon bidjè fon jeneral Ane Fiskal 2023 (Ane Fiskal 2024) final Sirentandan an nan kantite 1 445 729 446\$. Li te esplike Ane Fiskal 2024 la sèvi kòm yon bidjè tranzisyonèl esansyèl pou abòde kèk bezwen imedyà pandan nou kòmanse planifye tou pou ane Ane Fiskal 2025 lan ak odela. Linda Chen, Sirentandan Adjwen Senyò Akademik, Sam DePina, Sirentandan Adjwen Operasyon yo, epi Ana Tavares, Sirentandan Adjwen Ekite, Kominote ak Avansman Fanmi, te ko-prezante.

Atravè pwopozisyon bidjè Ane Fiskal 2024 la, BPS ap investi nan divès opòtinite pou kalite, ansèyman enklizif, ansèyman bileng, pratik jistis restorativ ak sipò sosyo emosyonèl pou asire jèn yo jwenn zouti yo bezwen pou rekouvri ak geri de pandemi an epi fè siksè nan lavi. BPS ap apwofondi investisman nan literasi ekitab epi elaji pwogramasyon Pakou Fakilte Bonè ak Karyè Pwofesyonèl pou ede elèv yo eksplòre ak genyen konpetans valab ak eksperyans pandan y ap jwenn divès kredi fakilte yo bezwen pou yo gradye.

Kredi pwopoze yo pou Ane Fiskal 2024 la te ogmante nan montan swivan yo pou kontra sendikal yo ki te finalize aprè soumisyon bidjetè inisyal nou an.

15 Mas 2023

- Espesyalis Sekirite yo: 275 387\$
- Gadyen yo: 1 972 529\$
- Kontwolè Bis: 3 221 985\$
- Administrative Guild: 1 228 880\$

Chak ane, bidjè pwopoze inisyal yo genyen yon kantite adisyonèl rezèv BPS gen entansyon likide pasyèlman pandan tout pwosesis bidjè a. Rezèv sa yo konsève nan biwo bidjè epi yo evantyèlman transfere ak bidjè lekòl yo. N'ap jwenn anba yon rezime chanjman sa yo pou ane sa. Pandan BPS toujou kenbe divès rezèv ki pral likide pandan lete ak lotòn nan, fon swivan yo te transfere soti nan rezèv santral ale nan bidjè lekòl yo.

- Kolabore avèk lekòl nou an pou idantifye envestisman ESSER yo alinye ak estrateji nou an; Li nesèsè pou sekirize pozisyon sa yo odela ESSER. Sa fè enpak sou yon total \$15 Milyon, ki gen ladan yo 69 FTE, nan 114 lekòl yo. Chanjman yo aliye ak estrateji kle ki vini an apre yo epi gen ladan yo divès pòs tankou:
 - Estrateji Enklizyon: kotch ak espesyalis enklizyon, parapwofesyonèl enklizyon
 - Plan Estratejik Biwo Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl: parapwofesyonèl SEI ak anseyan ESL adisyonèl yo
 - Literasi Ekitab: espesyalis lekti, materyèl pedagogik wot kalite epi ki konfòm ak nòm yo
- Deplasman priz an chaj inofansif fon jeneral la nan ESSER. Apwòch sa vle di lekòl yo p ap bezwen koupe sèvis yo oubyen sipò pou elèv nan Egzèsis Fiskal 2024. Sa fè enpak sou yon total \$30,7 Milyon, ki gen ladan yo 253 FTE, nan 95 lekòl yo. Nou te enkli yon estimasyon \$27,9 Milyon nan pwopozisyon bidjè orijinal la, ki fè bidjè final sa gen ladan l yon chanjman \$2,8 Milyon ki pase soti nan Fon Jeneral yo ale nan ESSER.
- Te genyen yon kantite chanjman nan pwojeksyon enskripsyon ak Finansman Elèv Pondere (WSF) a:
 - Ekspansyon Enklizyon:
 - Konvèsyon plizyè salklas ansèyman jeneral an enklizyon pou desèvi yon ogmantasyon nan kantite elèv nan enklizyon K1 nan Dever, Harvard-Kent, Edison, East Boston EEC, Condon ak Blackstone.
 - Ajoute enklizyon 9èm ane nan de lekòl: Fenway ak Muniz.
 - Chanjman adisyonèl ki lye ak kapasite edikasyon espesyal yo te fèt nan Channing, Eliot, East Boston EEC, ak Manning.
 - Ajoute yon klas SLIFE adisyonèl nan Edison.
 - Ogmantasyon pwojeksyon yo nan Sumner ak Mildred Ave pou akeyi divès elèv BLS adisyonèl.

Nan twa domèn sa yo, bidjè lekòl yo ogmante pa yon total \$12 795 800 depi nan pwopozisyon orijinal la.

Te genyen yon kantite ti chanjman ap bidjè pwopoze a pou depatman santral yo. Sa yo gen yon pòte plis limite epi yo reprezante divès transfè ant sèvis santral yo e ant tip kont yo nan yon sèvis. Travay BPS te kontinye fè depi lè pwosesis bidjè sa te kòmanse se revizyon ak plan pou travay imedya kapab kòmanse nan kad rapò Plan Amelyorasyon Sistemik lan, Konsèy Great City

15 Mas 2023

Schools yo sou edikasyon espesyal la, transpò, ak sekirite lekòl epi finalman, plan estratejik OMME lan.

Mesye Cardet-Hernandez te mande kòman plizyè nouvo anplwaye aplentan (FTE) fè pati pwopozisyon bidjè preliminè pa rapò ak pwopozisyon ki revize a. Direktè Finansye Egzekitif la, David Bloom te di ke toude vèsyon bidjè yo reflekte 93,7 nouvo pòs ekivalan aplentan.

Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou plas vid aktyèl yo. Direktè Kapital Imen pa Enterim lan, Rae Catchings te estime ke BPS gen aktyèlman anviwon 500 pòs vid.

Mesye Cardet-Hernandez te mande kòman plizyè pòs ap deplase soti nan ESSER pou ale nan fon jeneral la, ak vise vèsa, ak kòman plizyè nan pòs sa yo vid. Mesye Kuder te di ke 255 pòs ap deplase soti nan fon jeneral la pou ale nan ESSER, yon estimasyon 60 pòs oubyen 25 pousan aktyèlman vid. Li te di li t ap fè swivi avèk enfòmasyon adisyonèl yo sou pòs ki ap deplase soti nan ESSER pou ale nan fon jeneral la. Mesye Cardet-Hernandez te eksprime pwoblèm pou kreye yon presipis fiskal. Sirentandan te esplike estrateji bidjetè plizyè ane ekip li a.

Doktè Alkins te eksprime pwoblèm konsènan disponiblite distri a pou ranpli divès nouvo pòs, lè n konsidere divès pòs vid aktyèl, Sirentandan te esplike pwosesis bidjetè prekòs distri a mete li nan bon pozisyon pou rekrute ak anplwaye.

Madam Polanco Garcia te di li gen pwoblèm konsènan dèle anlwa chèf OMME yo ak sèvis espesyalize yo. Doktè Chen te esplike kalandriye anlwa te avanse si pwopozisyon bidjè a dwe apwouve, li ajoute ke distri a kapab bay sipò entèmedyè atravè divès sèvis kontraktyèl pou asire yon sipò regilye.

Mesye O'Neill te di dirijan lekòl li te pale avèk yo a te kontan avèk pwopozisyon bidjè a. Li te di li gen pwoblèm konsènan bidjè alavni yo bay ki diminye enskripsyon ak finisman finansman ESSER a. Li te deklare si Komite a pa apwouve bidjè revize a, alò y ap transmèt bidjè preliminè Sirentandan an bay Konsèy Minisipal Boston lan. Li te mande Sirentandan si pwopozisyon bidjè a abòde preyokipasyon kle ki dekri nan kat rapò deyò resan yo. Sirentandan te afime ke pwopozisyon bidjè a jete baz esansyèl yo pou abòde rekòmandasyon nan rapò sa yo. Li te di distri a ap travay pou abòde rekòmandasyon sa yo rapidman ak yon jan reflechi, nan yon fason ki konekte. Li te di ke BPS pral bezwen pran yon apwòch plizyè fasèt pou bidjè alavni yo, ki gen ladan yo nouvo investisman yo ak chwa difisil yo.

Doktè Alkins te mete an anfaz enpòtans pou genyen divès endikatè responsabilite ak pèfòmans nan kesyon done yo ki solid.

Mesye Mehta te poze kesyon sou estrateji alontèm yo pou finansman literasi ekitab la. Mesye Kuder te esplike ke ekip la te priyorize literasi ekitab, pami lòt estrateji yo, sou finansman jeneral la pou asire yon finansman dirab.

Mesye Tran te poze kesyon sou kisa enplikasyon yo t ap ye si Komite Lekòl la pa apwouve bidjè a. Mesye Kuder te esplike si Komite a pa reyisi apwouve bidjè revize a, rekòmandasyon bidjè

15 Mas 2023

preliminè Sirentandan jan yo te pwopoze sa 1ye Fevriye 2023 t ap avanse pou Konsèy Minisipal Boston lan pou konsiderasyon li.

Nan demann Madam Robinson lan, Mesye Kuder te esplike diferans ant finansman miz andeyò koz ak aterisaj an dousè yo. Li te di aterisaj an dousè yo gen yon kouche solèy ki prevwa epi yo entegre yo nan bidjè a antan ke fon tranzisyon lè lekòl la ap fè fas ak rediksyon nan enskripsyon yo. Li te di miz an deyò koz la se yon pratik ki te mete an plas pandan de dènye egzèsis yo epi ki pa oblije lekòl yo ajiste bidjè yo a alabès lè enskripsyon yo ap diminye. Li te remake ke lekòl yo te fèmen 23 salklas ane sa epi Sirentandan te mande pou itilize dola sa yo avèk plis estrateji.

Madam Robinson te eksprime yon santiman ijans pou Komite a resevwa evalyasyon kondisyon etablisman yo nan objektif pou pran desizyon ki pi eklere yo. Chèf Operasyon yo, Indira Alvarez te di ke ekip li a te prevwa ke evalyasyon an ap konplè avan fen Out. Mesye Robinson te eksprime yon dezi pou plis detay. Sirentandan te di ke yon gran pati nan planifikasyon an ankou epi li pral prezante yon plan bay komite a pita, prentan sa ki ap detaye kòman distri a prevwa reponn ak rekòmandasyon yo nan dènye rapò eksteryè yo. Li te klarifye ke pwopozisyon bidjè revize a pa founi okenn finansman pou pòs liyezon kominote yo, men prevwa pito yon finansman pou nèf konseye an jistis reparatris, youn pou chak rejyon. Madam Robinson te mande pou Komite a resevwa yon rapò konplè sou modèl rapò rejyonal la nan yon avni ki pwòch.

Komite a pwograme pou vote sou rekòmandasyon bidjè Ane Fiskal 2024 final Sirentandan nan 22 Mas 2023.

Kontra Bis Lekòl Jón pou Transpò - Direktè Egzekitif Transpò a, Dan Rosengard te prezante rekòmandasyon Sirentandan an pou apwouve pwopozisyon kontra founisè bis jón lan ant Lekòl Piblik Boston yo ak Transdev Services Inc. pou yon dire inisyèl senk an k ap kòmanse 1ye Jiyè 2023. Michael Miller, direktè Acha Estratejik la pou Vil Boston, ak Jacqueline Hayes, direktis adjwen Operasyon Kontra yo ak Fleet pou Transpò BPS, te ko-prezante.

Kontra sa pwopoze an tèm òf pa BPS nan Evènman Envitasyon pou Soumisyon EV00011276. Kontra sa etabli yon relasyon ki nouvo estriktire ant BPS ak antreprenè bis jón li an, akse sou responsabilite founisè ki lye ak ensitasyon finansyè baze sou rezilta elèv yo, nan objektif pou asire ke sèvis transpò bis jón ki founi pa BPS bay elèv Vil Boston yo san danje, fyab, ak alè.

Kontra pwopoze a gen ladan l divès chanjman kle ki soti nan kontra founisè transpò presedan an pou:

- Amelyore Ponktyalite nan fikse divès nòm pèfòmans estrikt pou rive alè yon jan konfòm ak DESE SIP ak nan lye divès ensitasyon finansyè pou atenn nòm sa yo;
- Ogmante responsabilite finansyè nan entwodwi divès domaj enterè pou non egzeksyon pou garanti ke Distri a kapab chache konpansasyon pou evènman sa yo;
- Limite depans yo epi transfere responsabilite bay founisè a nan limite depans founisè a kapab pase bay distri a pou ranbousman.

15 Mas 2023

Kontra ki pwopoze a se yon konpozan kle planifikasyon Transpò BPS pou avni. Kontra sa asire ke distri a pral gen kontinyite sèvis transpò bis jón yo pou pwochèn senk ane yo, kòmanse nan lete 2023 ak ane lekòl 2023-2024 la.

Kontra sa se yon pyès enpòtan nan pwogrè regilye a ki pral rekòmande pou abòde defi transpò long dat yo, mete an èv yo rekòmandasyon rapò Konsèy Great City Schools la, epi amelyore sèvis transpò yo pou elèv yo.

BPS te devlope Apèl d'Òf (IFB) an kolaborasyon avèk de kabinè konsèy ki gen yon eksperyans apwofondi nan endistri - Intueor Consulting and Transportation Advisory Services – yo te chwazi atravè yon pwosesis apèl d'òf konpetitif. Kabinè konsiltasyon an te kòmanse travay avèk BPS nan lete 2021 pou revizyon bezwen ak operasyon transpò BPS yo. Revizyon sa gen ladan l idantifikasyon ak revizyon distri kamarad yo, entèvyou avèk kat pi gwo founisè ki nan endistri transpò lekòl la, ak divès konsiltasyon avèk fanmi BPS yo, anplwaye nan departman transpò BPS yo, ak lòt pati prenans BPS yo. Pwosesis elaborasyon espesifikasyon apèl d'òf la te jwenn sipèvizyon nan men yon komite direktè ant departman yo/ant vil yo, ki gen ladan yo divès kad siperyè Operasyon BPS, Finans BPS, Sèvis Antrepriz BPS, ak Apwovizyonman Vil la.

Lè n konsidere transpò nan bis lekòl yo dwe apwovizyon avèk itilizasyon yon IFB (OIG Procurement Bulletin, vol. 11, no. 2; Jen 2005) avèk kontra ki ta dwe atribiye ak demandè responsab ak enpresyonab ki pi ba, BPS te enkli entansyonèlman transparan, swanyezman motive, ak divès espesifikasyon soumisyon byen estriktire pou asire ke tout demandè yo satisfè ak kalifikasyon minimòm lan. Chak espesifikasyon apèl d'òf ki lye ak kalifikasyon minimòm lan te devlope aprè yon analiz divès bezwen ekstansif ak rechèch mache an konsiltasyon avèk kabinè konsiltasyon k ap travay avèk BPS. Egzijans sa yo te adapte pou pran an kont kompleksite sistèm transpò BPS la, menm jan ak pou asire ke demandè ki pi ba te gen sifizamman eksperyans pou reponn ak egzijans kontra yo.

IFB te sòti 9 Septanm 2022. Tout kat founisè ki pi gwo yo nan endistri a te patisipe nan pwosesis IFB a, ki gen ladan l divès vizit obligatwa an pèsòn ak yon long peryòd Kesyon Repons, avèk plis pase 150 kesyon founisè a. BPS te resevwa yon òf nan men Transdev Services Inc. nan kantite ki apwoksativman 17,5\$ milyon pa ane kontra avèk yon ogmantasyon 3% chak ane. Òf sa entegre tout depans ki kapab pa lage sou do distri a ankò anba nouvo estrikti kontra. Òf sa te sitiye anba evantay òf ki prevwa pou kontra sa, ki te estime ant 17,5\$ milyon rive nan 22,6\$ milyon chak ane. Biwo Enspektè Jeneral la te dirije yon egzamen apwofondi nan pwosesis apèl d'òf la. Nouvo lèt IGO a bay Komite Lekòl la sou kesyon sa, aprè revizyon yo a, abòde divès rekòmandasyon jesyon kontra alavni ki pral swiv pa Departman Transpò a nan jesyon kontra sa alavni.

Pwochèn etap yo pou aplikasyon an gen ladan l apwobasyon ak siyati kontra entegre, devlopman yon plan administrasyon kontra ekri, epi rezoud pwoblèm kalite done ki fè pati entegran evalyasyon divès mezi pèfòmans nan kad kontra sa ki lye ak GPS. Kontra founisè bis jón lan se yon levye esansyèl pou amelyore sèvis transpò elèv yo an akò avèk DESE SIP ak rekòmandasyon detaye nan rapò ki soti nan Konsèy Great City Schools sou Transpò. BPS DOT pral travay pou aplike kontra sa pou asire responsablite founisè yo pou amelyorasyon pèfòmans yo, pandan y ap travay an kolaborasyon sere avèk patnè kominote yo, nan Distri a, nan Vil yo

15 Mas 2023

pou fè avanse tout lòt rekòmandasyon amelyorasyon ki idantifye pa Konsèy Great City Schools. Distri a pral founi divès mizajou regilye bay Komite Lekòl la sou pwogrè li.

Madam Polanco Garcia te mande poukisa distri a kwè ke Trandev pral amelyore. Mesye Rosengard te di ke kontra founisè a se yon pyès nan sistèm transpò jeneral distri a, ajoute ke bezwen BPS yo pou abòde tout sistèm li yo nan objektif pou pote amelyorasyon. Li te di ke Transdev te angaje nan amelyorasyon nan fikse divès objektif pèfòmans ki lye ak divès enplikasyon finansyè.

Mesye Rosengard te konfime pou Madam Polanco Garcia ke fanmi yo te fè enpak sou reta transpò yo ki kapab resevwa yon ranbousman pou kovwatiraj nan distri a.

Mesye O'Neill te ekspri sipò li nan kontra ak enklizyon kontwol fiskal li yo. Li te poze kesyon sou fyabilite done yo pou fè respekte dispozisyon kontra yo. Mesye Rosengard te deklare ke distri a konsantre li sou amelyorasyon kolèk done ak teknoloji epi pral kontinye apiye sou pwogrè ki reyalize yo pandan sis dènye mwa yo. Mesye O'Neill te mande kòman enplikasyon Biwo Enpektè Jeneral (IGO) la te chanje apwòch distri a sou kontra. Madam Hayes te esplike ekspètiz IGO a te itil nan elaborasyon yon kontra entegre ki solid ak rezistan. Ekip la pral devlope tou yon plan administrasyon kontra ekri ki ap yon dokiman evolutif ki pral gide administratè aktyèl yo ak fiti kontra transpò eskolè yo.

Mesye Cardet-Hernandez te mande ide ki dèyè yon kontra senk an. Mesye Rosengard te esplike pandan tout opsyon yo te konsidere, yon kontra senk ane te fè plis sans paske ensitasyon finansyè yo ak mezi responsabilizasyon ki asosye ak yon kontra ki pi kout te pi pwobab pou atire demandè yo. Li te di ke yon kontra senk an bay distri a tou estabilite. Sirentandan te deklare BPS bezwen yon patnè ki kapab fliyid pou adapte ak chanjman pou maksimize fyabilite. Mesye Rosengard te konfime pou Mesye Cardet-Hernandez ke kontra BPS yo se pou yon estimasyon 620 trajè chak jou. Sirentandan te pale sou kòman sistèm distri yo entèkonekte ak bezwen pou chanjman ki pi pwofon, konplè.

Doktè Alkins te ankouraje BPS pou antre yon patenarya fòmèl avèk yon patenarya fòmèl avèk sosyete kovwatiraj Lyft. Sirentandan te deklare ke konseye jiridik distri a t ap travay aktivman sou yon akò.

Madam Robinson te pale sou kompleksite divès èdtan nan klas miltip epi te souliye enpòtans pou travay avèk patnè distri a pou transpòte tout elèv yo nan lekòl la atan.

Komite a planifye pou l vote sou kontra transpò a nan 22 Mas 2023 a.

Deklarasyon Enterè Pwogram Debaz Otorite Konstriksyon Lekòl Massachusetts (Massachusetts School Building Authority): Kominote Lekòl Shaw ak Taylor yo - Chèf Planifikasyon Kapital, Delavern Stanislaus te prezante pwopozisyon Sirentandan pou soumèt Deklarasyon Enterè (SOI yo) bay Otorite Konstriksyon Lekòl Massachusetts (Massachusetts School Building Authority, MSBA) pou Pwogram Debaz 2023 pou P.A.Shaw ak Charles H. Taylor Elementary Schools. MSBA se yon ajans eta ki ofri divès sibvansyon konpetitif bay minisipalite yo pou sipòte konstriksyon ak pwojè renovasyon lekòl yo. Pwogram Debaz MSBA a

15 Mas 2023

abòde reparasyon, renovasyon, ajou/renovasyon ki enpòtan, ansanm ak nouvo konstriksyon lekòl.

BPS te angaje pou konstwi yon nouvo lekòl primè pre-K-6 nan Mattapan/Dorchester. Enskripsyon 2017 SMMA ak analiz demografik vya BuildBPS te montre ke Dorchester ak Mattapan se katye ki gen fòt kwasans avèk yon kantite dispwopòsyone timoun ki nan laj lekòl nan Boston. Lekòl ki nan Southern Dorchester (02124) ak Mattapan (02126) te konnen tou yon diminisyon dispwopòsyone envestisman nan kapital: sou 40 pwojè Pwogram Reparasyon Akselere MSBA depi 2015, sèlman youn te nan Mattapan, epi kat te nan Southern Dorchester.

Brian McLaughlin, jesyonè pwojè pou Depatman Etablisman Piblik Vil yo, te esplike pwosesis ak kalandriye MSBA a. Tout Deklarasyon Enterè MSBA a dwe prezante bay yo epi vote nan Konsèy Minisipale a ak Komite Lekòl Boston lan. BPS pral mande Konsèy Minisipalite a pou òganize yon odyans mwa sa oubyen nan kòmansman Avril avan yo vote sou pwopozisyon an. Tout vòt ak dokiman ki soti nan aktivite sa yo pral bay nan kad soumisyon MSBA a.

Si SOI apwouve pa tout pati yo, BPS pral kòmanse pwosesis konstriksyon yon nouvo etablisman pou kominote lekòl Shaw-Taylor konbine a. Deklarasyon Enterè pou etablisman ki site anwo yo pral dekri lakin ki soumèt nan tit Pwopriyete #4: Prevansyon sipopilasyon grav ki ta dwe rezilte ogmantasyon enskripsyon yo; Pwopriyete #5: Ranplasman, renovasyon oubyen modènizasyon sistèm etablisman lekòl yo, tankou twa yo, fenèt yo, chodyè yo, sistèm chofaj ak vantilasyon yo, pou ogmante konsèvasyon enèji ak diminye enèji ki lye ak depans yo nan yon etablisman lekòl; ak Pwopriyete #7: Ranplasman oubyen ajou batiman obsolèt pou founi yon gam konplè pwogram ki konfòm ak egzijans nasyonal yo e ak lokal ki apwouve yo. Nan soumisyon ak SOI, MSBA pa garanti nan okenn ka aseptasyon ak apwobasyon yon demann, atribisyon yon sibvansyon oubyen tout lòt angajman finansman MSBA, ni angaje Vil Boston pou depoze yon demann finansman bò kote MSBA.

SOI se yon etap enpòtan pou ranpli yon angajman atravè Green New Deal (Nouvèl Akò Vèt) pou BPS konstwi yon nouvo lekòl primè preK-6 nan katye Dorchester/Mattapan a. Pita nan prentan sa, Sirentandan ak ekip li a pral prezante Komite a avèk yon mizajou ki pi konplè nan Green New Deal (Nouvèl Akò Vèt) pou pwogrè BPS ak distri a vè yon plan aksyon alontèm pou enstalasyon yo.

Madam Stanislaus te fèmen pandan li adrese kèk nan preyokipasyon paran Sumner Elementary School yo te soulve pandan kòmantè piblik la pi bonè lannwit lan. Li te afime angajman li pou travay sere avèk kominote lekòl yo pandan tout pwojè kapital yo, asire ke vwa ki majinalize istorikman yo depoze sou tab.

Mesye Cardet-Hernandez te mande yon mizajou sou plan distri a pou jwenn yon lokal pèmanan pou Horace Mann School pou Soud yo ak Moun ki pa tandè byen yo. Madam Stanislaus te deklare BPS ap renove ansyen batiman Edwards Middle School pou sèvi kòm espas tanporè pandan y ap travay pou idantifye yon anplasman pèmanan. Li te deklare distri a angaje pou fè yon analiz sit Jackson Mann aktyèl la menm jan li fè sa pou lòt sit yo nan domèn Allston-Brighton an.

15 Mas 2023

Mesye McLaughlin te deklare si apwouve, yon nouvo batiman lekòl Shaw-Taylor te kapab ouvri nan 2029 oubyen 2030. Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou plan pou renove batiman ki egziste yo. Madam Stanislaus te deklare ke BPS aktyèlman ap dirije yon evalyasyon eta etablisman yo anplis ak yon pwosesis dizay atravè Gwoup DLR la. De pwosesis sa yo pral itilize pou devlope yon plan direktè konplè, ak alontèm enstalasyon yo.

Mesye O'Neill te ankouraje distri a pou kontinye chache finansman MSBA pou Horace Mann School, k ap sèvi yon popilasyon elèv espesyal. Li te ankouraje BPS pou eksplore lokal pou Horace Mann odela kominote Allston-Brighton lan. Mesye McLaughlin te esplike ke demann Horace Mann ak Blackstone School yo pa adapte avèk kritè tradisyonèl MSBA yo paske etablisman sa yo lokalize menm kote avèk sant kominote yo oubyen sant sante yo. Li te deklare ke BPS pral ankouraje MSBA pou vizite lekòl yo pou wè eta etablisman aktyèl yo.

Madam Polanco Gacria te mande ki enpak yon fizyon t ap ye sou kominote lekòl Shaw ak Taylor yo. Rebecca Grainger, konseyè Prensipal Majistra pou Jèn yo ak Lekòl yo, te esplike pwosesis dizay pou konbine yon jan reflechi enklizyon lekòl yo ak pwogramasyon plizyè lang yo.

Madam Robinson te poze kesyon konsènan pwosesis pou atribiye elèv yo ak Mildred Avenue School ki fèk bati lè li te premye ouvri an 2003.

Komite a pwograme pou vote sou Deklarasyon Enterè pwogram Debaz MSBA pou kominote lekòl Shaw ak Taylor 22 Mas 2023.

KOMANTÈ PIBLIK LA SOU RAPÒ YO

Pa t genyen.

NOUVO BIZNIS

Madam Robinson te mande Sirentandan pou fè swivi sou demann Doktè Alkins avan yo pou jwenn divès enfòmasyon adisyonèl sou rezilta sibvansyon yo. Sirentandan te dakò pou fè ekip la fè swivi.

REPÒTE

Apwouve - A 11:22 p.m. apwoksativman, Komite a te vote ansanm, pa apèl nominal, pou repòte reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif